

Nama :

ASESMEN SUMATIF AKHIR SEMESTER 1 SEKOLAH DASAR BAHASA JAWA

Wacanen kanthi premati kanggo mangsuli pitakon nomer 1- 2!

Pandhawa

Sumbering crita wayang iku ana loro, yaiku Babad Ramayana lan Mahabarata. Babad Ramayana iku nyritakake lelakone Ramawijaya karo Dewi Shinta. Dene Babad Mahabarata nyritakake lelakone Pandhawa karo Kurawa. Kurawa karo Pandhawa iku sedulur tunggal embah. Kurawa cacahé ana satus, dene Pandhawa mung lima. Kurawa karo Pandhawa congkrah amarga rebutan warisan Negara Ngastina.

Kurawa ngukuhi menawa Negara Ngastina iku dadi duweke amarga Drestarastra (bapake) iku anak lanang sing luwih tuwa tinimbang Pandhu Dewanata, bapake Pandhawa. Dene Pandhawa ngrumangsani menawa Negara Ngastina iku duweke amarga bapake sing ngganteni Abiyasa (embahe Kurawa lan Pandhawa) dadi ratu ing Ngastina. Drestarastra ora bisa ngganteni Abiyasa dadi ratu amarga dheweke wuta. Mula sing ngganteni madeg ratu ing Ngastina, Pandhu Dewanata.

1. Ukara pitakon kang jumbuh karo wacan yaiku
 - ☐ Kang madeg ratu ing Ngastina iku anak pamberep
 - ☐ Raden Destarastra iku anak nomor loro
 - ☐ Pandhu Dewanata dadi Ratu ing Ngastina ngganteni Abiyasa
 - ☐ Raden Destarasta dadi Ratu ing Ngastina. ngganteni Abiyasa
2. Miturut wacan ing dhuwur, ukara kang ora bener yaiku....
 - ☐ Raden Destarastra ora bisa dadi ratu amarga duweni kekurangan paningalan
 - ☐ Kurawa lan Pandhawa iku sedulur tunggal embah.
 - ☐ Abiyasa iku embahe Kurawa lan Pandhawa
 - ☐ Kurawa lan Pandhawa urip rukun ana ing Ngastina

Wacanen kanthi premati kanggo mangsuli pitakon nomer 3!

Pandhawa kang nomor telu jenenge Arjuna, iya Janaka. Arjuna iku satriya kang pinter perang, manggon ana ing Kasatriyan Madukara. Pusakane Keris Pulanggeni lan Panah Pasopati. Janaka iku satriya kang seneng tetulung, jujur, bakti marang wong tuwa lan **ngajeni** marang sapa bae.

3. Tembung ing dhuwur kang kacethak kandel tegese yaiku....

- ☐ ngormati
- ☐ tetulung
- ☐ ngomongi
- ☐ nglindungi

Wacanen kanthi premati kanggo mangsuli pitakon nomer 4 - 5!



Pandhawa kang nomer telu jenenge Arjuna. Jeneng liya Arjuna yaiku Janaka, Dhananjaya, Kirti, lan Partha. Raden Janaka iku satriya kang pinter perang, kasatriyane ing Madukara. Pusakane Keris Pulanggeni lan Panah Pasopati. Janaka kulina disebut Panengahe Pandhawa.

4. Watak apa sing paling trep kanggo nggambarke tokoh wayang kasebut?

- ☐ Kuwat, gagah, nanging gampang nesu
- ☐ Serakah, licik, lan kerep ngapusi
- ☐ Seneng tetulung, jujur, bekti marang wong tuwa
- ☐ Alus, sabar lan nrima, jujur, ora tau adil

5. Paraga ing dhuwur duweni ciri ciri lan karakter kang bener yaiku....

- ☐ Ratu ingkang wicaksana, sabar lan seneng perang.
- ☐ Putra Pandhu Dewanata ingkang nomor kalih.
- ☐ Manggen wonten ing Kasatriyan Jodhipati.
- ☐ Kaliyan tiyang sepah tansah bekti lan seneng tetulung.

6. Wacanen kanthi premati!

Pandawa lan Kurawa duwe guru yaiku Begawan Durna saka padepokan Sokalima. Sadurunge Prabu Pandhudewanata seda, weling karo Raden Destarastra supaya Ngastina besuk dipasrahake Pandhawa yen wis pada gedhe. Nanging Raden Destarastra mblenjani janji. Kraton dipasrahake marang Raden Duryudana putrane sing gedhe dhewe.

Ukara pitakon kang jumbuh karo wacan yaiku

- ☐ Sapa sing kalah perang Barathayuda?
- ☐ Geneya Prabu Pandhudewanata dibuang ing alas?
- ☐ Apa welinge Prabu Pandhudewanata marang Raden Destarastra?
- ☐ Kapan Ngastina direbut dening para Pandhawa?

7. Wacanen kanthi premati!

Pakdhe Yudha sakaluarga wes kondur mau .Aku rada sedhih,ra bisa dolanan meneh karo Adit.Budhal saka ngomahku jam 10 esuk.Tekan daleme pas jam 12.30 awan.

Suwene wektu kang ditampuh Pakdhe Yudha sakaluarga yaiku . . .

- ☐ 2 jam 30 menit
- ☐ 2 jam 20 menit
- ☐ 3 jam 30 menit
- ☐ 3 jam 20 menit

8. Setitikna wacan ngisor iki!!

“Kobongan gedhe ngrusak pasar tradisional ing desa Wanalaya. Geni nyebar kanthi cepet amarga wangunan pasar akeh sing digawe saka kayu. Amarga saka kobongan iki, akeh wong dodolan sing rugi bandha. Pemerintah desa lan warga padha kerja bareng kanggo ngatasi perkara iki.”

Adhedhasar wacan ing ndhuwur, ide pokok kang trep yaiku . . .

- ☐ Kobongan gedhe ing pasar,nyebabake rugine wong dodolan lan prihatine pemerintah.
- ☐ Wangunan pasar akeh sing digawe saka kayu mula genine cepet nyebar.
- ☐ Akeh wong dodolan rugi bandha amarga wangunane kobong kabeh.
- ☐ Genine gedhe lan cepet nyebar maring sakabehane wangunan.

Wacanen kanthi premati kanggo mangsuli pitakon nomer 9-10 !

Ing sawijining desa cilik, ana gadis enom jenenge Sari. Sari iku bocah sing cerdas, sabar, lan tansah nulung kanca-kancane sing kesulitan. Saben dina, Sari mesthi nindakake tugase kanthi rajin, lan ora nate eling nuntun kanca-kancane sing butuh bantuan, utamane ing babagan pelajaran. Dheweke ora mung pinter, nanging uga duwe rasa **welas asih** sing gedhe marang wong liya.

Ing sawijining dina, desa Sari ngalami kesulitan amarga musim kemarau sing dawa. Sumur-sumur ing desa wis garing, lan banyu dadi barang langka. Warga desa padha bingung lan ora ngerti kudu ngapa. Nanging, Sari ora kuciwa. Dheweke ngajak warga desa supaya padha mikir bareng kanggo golek solusi. Sari nuntun warga kanggo nyusun rencana supaya bisa nemokake sumber banyu anyar, lan dheweke uga ngajari carane ngirit banyu supaya ora entek.

Kanthe usaha lan kepemimpinan Sari, warga desa bisa nemokake sumber banyu anyar ing puncak gunung, lan kabeh warga padha seneng amarga masalah banyu bisa diatasi. Sari ora mung dadi tokoh sing pinter, nanging uga dadi pemimpin sing menehi solusi kanggo kahanan sing angel.

9. Sing dadi paraga ing crita nduwur yaiku ...

- ☐ Kepala Desa
- ☐ Warga Desa
- ☐ Sari
- ☐ Asih

10. Apa tegese tembung "**welas asih**" ing teks iki?

- ☐ Rasa ikhlas, tulus, lan rela nerima kahanan utawa kondisi sing ora cocog
- ☐ Rasa tresna, perhatian, lan pangerten marang wong liya
- ☐ Rasa nesu utawa emosi sing kuat
- ☐ Rasa bisa ngendhaleni emosi lan nahan rasa lara utawa kesulitan

11. Wangsulane : "Guwa Lawa iku mapan ana ing Kecamatan Karangreja."

Ukara pitakon kang cocok kanggo wangsulane ukara ing nduwur yaiku

- ☐ Kapan Guwa Lawa ana ing Kecamatan Karangreja?
- ☐ Sapa sing wis tau plesir ana ing Guwa Lawa?
- ☐ Ana ing endi mapane Guwa Lawa?
- ☐ Kenang apa diarani Guwa Lawa?

Wacanane kanthi premati !

Kurawa karo pandhawa iku sedulur tunggal embah, congkrah merga rebutan warisan. Kurawa ngukuhi menawa Negara Astina iku duweke amarga Destarastra bapak pandhawa anak lanang sing luwih tuwa. Dene Pandhawa ngrumangsani menawa Negara Astina iku duweke amarga bapak sing nganteni Abiyasa embahe Kurawa lan Pandhawa. Mula kuwi padha congkrah. Congkrah karo sapa bae iku sipat ala. Sipat ala iku aja dilakoni.

12. Tembung congkrah tegese padha karo ...

- ☐ guyonan
- ☐ tukaran
- ☐ batiran
- ☐ menengan

Wacanen kanthi premati !

Punakawan saka tembung pana lan kawan. Pana tegese ngerti, kawan tegese kanca, dadi Punakawan tegese ngerti kahanane kanca. Punakawan cacahé **lima**, yaiku Semar, Gareng, petruk, lan bagong. Punakawan iku pengasuhe para Pandhawa, sanajan pamomong para satriya nanging Punakawan iku dudu pamomong sabaene.

13. Tembung kang trep kanggo ganti tembung kang kacetak kandhel wacan ing nduwur yaiku....

- ☐ Siji
- ☐ Loro
- ☐ Telu
- ☐ Papat

Wacanen kanthi premati kanggo mangsuli pitakon nomer 14-15!

Gunung bromo iku sawijine gunung kanthi sesawangan kang **endah** ing laladan Kabupaten Probolinggo. Ing kawasan sakiwa tengene gunung beluk kabut kumebul sumundhul ngawiyat. Manuk-manuk pating sumliwer ing kupenge gunung. Thetukulan kang sarwa ijo ngrenggani sakambane pereng. Saka kadohan katon kali kang iline banter. Swarane banyu gumrojog. Saking bantere cumiprat nyempyok gegodhongan. Hawane adhem.

14. Tembung **endah** tegese

- ☐ Apik
- ☐ Lugu
- ☐ Elek
- ☐ Akeh

15. Paragraf kasebut idhe pokoke yaiku....

- ☐ Gunung bromo iku sawijine gunung kanthi sesawangan kang endah ing laladan Kabupaten probolinggo
- ☐ Ing kawasan sakiwa tengene gunung beluk kabut kumebul sumundhul ngawiyat
- ☐ Manuk-manuk pating sumliwer ing kupenge gunung
- ☐ Thetukulan kang sarwa ijo ngrenggani sakambane pereng

Wacanen kanthi premati kanggo mangsuli pitakon nomer 16!

Minggu wingi, antarane jam 8 esuk aku mlaku-mlaku ing alun-alun Wonosobo. Olehku mlaku-

mlaku bareng karo bapak, ibu, lan adhiku. Alun-alun saiki wis beda karo dhisik. Dhisik durung rame kaya saiki. Saiki akeh wong-wong kang dodolan maneka werna kabutuhan. Sing taktemoni wektu kuwi kayata bakul sandhangan, sandhal lan sepatu, maneka dolanan bocah, lan maneka panganan kang akeh jinise. Sawise mlaku-mlaku saubengan, aku lan bapak ibu adhiku mampir ing bakul bubur ayam. Rampung sarapan bubur ibuku ngajak menyang bakul sandhangan, nanging aku ora gelem amarga aku pengin bali wae.

16. Adhedasar teks kasebut, ukara kang trep karo isi teks yaiku...

- ☐ Wektune jam 8 wengi
- ☐ Aku sarapan bubur kacang ijo
- ☐ Lakone aku, bapak, ibu, lan adhiku
- ☐ Aku lan ibuku mampir bakul sandhangan

Wacanen kanthi premati kanggo mangsuli pitakon nomer 17!

Pandhawa iku sasedulur kang urip kanthi rukun, tumandang gawe tansah bebarengan kanthi gotong royong lan bekti marang wong tuwa. Mula kuwi *karo sapa bae iku apike ngajeni*

17. Ukara kang kacitak miring menawa didadekake ukara krama dadi.....

- ☐ kaliyan sinten kemawon kuwi apike ngaosi.
- ☐ karo sinten kemawon menika saene ngormati.
- ☐ kaliyan sinten kemawon menika apike ngaosi.
- ☐ kaliyan sinten kemawon menika saenipun ngaosi.

Wacanen kanthi premati !

Desa Serang salah sawijining Desa wisata ing Kabupaten Purbalingga. Ora keru aben taune nganakake Festival Gunung Selamat. Festival Gunung Selamat dianakake kanggo wujud syukur marang Gusti Alloh. Anane festival Gunung Selamat uga ndhadekake wisata ing Desa Serang lewih dikenali dening masyarakat Purbalingga lan Indonesia. Nalika festival Gunung Selamat aku lan simbahku plesir ana ing desa wisata Serang. **Si mbahku katon seneng amarga bisa ndeleng kaendahane wisata.**

18. Tembung kang kacetak kandel menawa dadi basa krama yaiku

- ☐ Si mbah kawulo katingal sumringah amargi saged mirsani kaendahane wisata.
- ☐ Si mbah ku katingal sumringah amarga saged mirsani kaendahane wisata.
- ☐ Si mbah kawulo katingal sumringah amargi saged ndelengi kaendahane wisata..
- ☐ Si mbah ku keton sumringah amargi saged mirsani kaendahane wisata..

19. Gatekna gambar ngisor iki!



Gatekna pratelan-pratelan ngisor iki!

- (I) udan deres terus
- (II) kaline mampet kebak uwuh
- (III) wong-wong padha mbuwang uwuh nang kali
- (IV) omahe padha kelelep
- (V) wong-wong sadar manfangate njaga karesikan
- (VI) banjir ora bisa dialangi sapa bae
- (VII) bantuan saka pemerintah lan masyarakat

Adhedhasar gambar ing ndhuwur, urutane cengkorongan kang trep yaiku . . .

- ☐ (II), (III), (I), (V)
- ☐ (IV), (III), (I), (II)
- ☐ (V), (III), (VII), (IV)
- ☐ (I), (VI), (IV), (VII)

20. Gatekna wacan ngisor iki!

1. Candhi Borobudur mujudake candhi budha kang digawe ing abad IX dening Raja Samaratungga sing ngasta kraton Mataram Hindhu.
2. Raja Samaratungga saking wangsa Syailendra. Candhi punika minangka candhi Budha ingkang ageng.
3. Prenahe Candhi Borobudur dumunung ana ing sakidul kulone Kutha Muntlan Kabupaten Magelang Jawa Tengah.
4. Candhi Borobudur dumadi saka 9 tataran yaiku enem teras wujud pesegi lan telu wujud bunder, kanthi pucukan wujud cungkup ing pusere

Adhedhasar wacan ing ndhuwur, kang kalebu ukara krama yaiku nomer . . .

- ☐ 4
- ☐ 3
- ☐ 2
- ☐ 1

21. Gatekna wacan ngisor iki!

Gunung Merapi maneh ing sasi kepungkur. Awan panas longsor lan material vulkanik liyane ngubengi ereng gunung kasebut. Pemerintah wes nemtokake zona bebaya lan ngajak warga supaya tetep

Tembung kang trep kanggo njangkepi wacan ing ndhuwur yaiku . . .

- ☐ longsor
- ☐ njeblug
- ☐ waspada
- ☐ ngungsi

Wacanen kanthi premati kanggo mangsuli pitakon nomer 22!

Minggu wingi, antarane jam 8 esuk aku mlaku-mlaku ing alun-alun Wonosobo. Olehku mlaku-mlaku bareng karo bapak, ibu, lan adhiku. Alun-alun saiki wis beda karo dhisik. Dhisik durung rame kaya saiki. Saiki akeh wong-wong kang dodolan maneka werna kabutuhan. Sing taktemoni wektu kuwi kayata bakul sandhangan, sandhal lan sepatu, maneka dolanan bocah, lan maneka panganan kang akeh jinise. Sawise mlaku-mlaku saubengan, aku lan bapak ibu adhiku mampir ing bakul bubur ayam. Rampung sarapan bubur ibuku ngajak menyang bakul sandhangan, nanging aku ora gelem amarga aku pengin bali wae

22. Irah-irahan kang trep kanggo teks ing nduwur yaiku ...

- ☐ Malam Minggu dolan Alun-Alun
- ☐ Dolan Alun-Alun Wonosobo
- ☐ Tuku Klambi Ing Alun-Alun Wonosobo
- ☐ Mlaku-Mlaku nang Alun-Alun

23. Sore iki langite mendung, bisa disawang **mega** kan gulung gumulung wernane klawu, mega kasebut saya ireng saya akeh, langite dadi peteng. Swara gludug pating jlegur kaya-kaya langite bakal tumiba, kala-kala thatit cemplorot amandhanggi langit kang peteng disusul swara **bledheg** kang ngedap-edapi.

Tegese tembung mega lan bledheg yaiku ...

- ☐ Srengenge
- ☐ Awan
- ☐ Udan
- ☐ Petir

24. Gatekna ukara ngisor iki!

Wangsulane: "Mufan lagi latihan bal-balan ing lapangan desa."

Ukara pitakon sing cocog kanggo wangsulan ing nduwur iki yaiku....

- ☐ Sapa sing lagi latihan bal-balan?
- ☐ Ngendi wong iku latihan?
- ☐ Kapan latihan bal-balan diwiwiti?
- ☐ Wong iku duwe sepatu apa?

25. Gatekna teks pacelathon ing ngisor iki!

Pacelathon:

Ibu : "Lagi ngapa ta ndhuk, kok keton temenan anggone sinau?"

Ritsuki : "Inggih, Bu. Menika wonten pasinaon nyritakake Perang Baratayuda."

Ibu : "La, piye wis bisa ta?"

Ritsuki : "Saged, nanging kula taksih bingung."

Ibu : "Critane ngene ndhuk. Perang Baratayuda, perang gedhe antara Pandhawa lan Kurawa manggon ing Tegal Kurusetra wis nuwuhake raja pati lan kurban kang ora sethithik."

Ritsuki : "Dados perang Baratayuda meniko manggon wonten Tegal Kurusetra nggih bu?"

Ibu : "iya, ndhuk."

Ritsuki : "o.....ngaten bu, inggih bu kula sampun paham."

Ana ing pacelathon, Ritsuki lan ibune lagi ngrempug babagan apa?

- ☐ sinau kang temenan
- ☐ ora teyeng Basa Jawa
- ☐ Perang Baratayuda
- ☐ Manggone perang Baratayuda

26. Gatekna teks pacelathon ing ngisor iki!

Qonita : "Kowe lagi ngapa awan-awan ngene iki Ca?"

Eca : "Aku lagi nandur kembang lan kaktus Qon."

Qonita : "oh iya, apik kuwe, ben omahmu dadi seger."

Eca : "iya, yen aku nandur kembang moga-moga akeh tangga kang terinspirasi dadi melu nandur kembang."

Qonita : "Aku setuju, aku wae dadi kepengin nadur kembang merga kowe."

Kang dadi tujuan pacelaton ing ndhuwur yaiku . . .

- ☐ Pinter nandur kembang lan kaktus.
- ☐ Nginspirasi tangga teparo nandur kembang.
- ☐ Omah dadi segar merga akeh kembang.
- ☐ Omah dadi seger merga ora nana kembang.

27. Gatekna teks pacelathon ing ngisor iki!

Pacelathon:

Rina: "Aku turu saka jam wolu bengi nganti jam papat esuk. Terus esuk langsung ngresiki omah nganti jam enem esuk."

Dewi: "Kok cepet banget, ya? Aku malah turu luwih suwe lan ora ngresiki omah."

Rina: "Iya, aku pancen biyasa turu luwih awal supaya esuke bisa produktif. Sakwisé ngresiki omah, aku arep masak sarapan jam wolu."

Suwene wektu Rina turu lan ngresiki omah yaiku

- ☐ 2 jam
- ☐ 4 jam
- ☐ 6 jam
- ☐ 8 jam

28. Gatekna ukara ngisor iki!

Pitakon : _____ acara pentas seni sekolah taun iki, _____ kowe bakal tampil?

Wangsulun: Pentas seni taun iki bakal dilakokaké minggu ngarep. Aku isih mikir apa bakal tampil utawa ora.

Tembung pitakon kang trep kanggo njangkepi wacan ing ndhuwur yaiku . . .

- ☐ Sapa
- ☐ Kapan
- ☐ Apa
- ☐ Endi

29. Basa jawa kaperangan dadi loro, yaiku basa ngoko lan krama.

Pasangan ukara basa ngoko lan basa krama kang trep yaiku....


	Ukara Basa Ngoko	Ukara Basa Krama
☐	Saben esuk tangiku jam lima	Saben esuk tangi kula jam gangsal
☐	Saben esuk tangiku jam lima	Saben enjang tangi kula jam gangsal
☐	Jam sepuluh adhiku wis mulih sekolah	Jam sedasa adhi kula sampun wangsul sekolah
☐	Jam sepuluh adhiku wis mulih sekolah	Jam sepuluh adhiku sampun wangsul sekolah

30. Pitutur luhur iku nasehat utawa ajaran tumindak becik.

Pratelan ukara ing ngisor bisa kanggo sangu urip bebrayan yaiku

- ☐ Urip rukun lan gotong royong
- ☐ Congkrah marang sapa bae
- ☐ Bekti marang wong tuwa
- ☐ Ming sapa bae seneng goroh

31. Gatekna gambar wayang ing ngisor iki!



a. Sapa asmane paraga ing gambar dhuwur iku?

b. Tulisen 3 wateke paraga ing dhuwur iku?

32. Owahana ukara ing ngisor iki nganggo basa krama!

- a. Ibu lunga pasar karo bapak numpak sepeda motor.
- b. Saben dina jemuah bocah-bocah senam bebarengan.
- c. Bagas nduweni cita-cita dadi polisi.

33. Bencana banjir lumpur sebabe ambruke tanggul Situ Gintung ing Tanggerang Selatan njalari macem-macem penyakit kanggo warga. Sawentara penyakit sing muncul minangka akibat saka bencana iku yaiku demam berdarah, diare, leptospirosis lan tipus.

Idhe pokok paragraf ing dhuwur yaiku?

34. Gawea ukara nganggo tembung *siram*!



35. Gatekna teks pacelathon ing ngisor iki!

Ngampil Sepeda

Nono : "Assalamu'alaikum "

Bekti : " Wa'alaikumsalam, lhoh Mas Nono mlebet Mas! "

Nono : "Maturnuwun, Bekti. Bapake enten napa mboten? "

Bekti : "Wah Bapakke isih dhateng sabin wingking, enek apa to Mas?"

Nono : "Aku arep ngampil sepeda".

Bekti : "Wo ngoten, sik Mas. Aku matur Bapak."

Nono : "Yen ngrepotne sampean gak usah lhoh Bek."

Bekti : "Mboten ngrepoteke Mas, sedilit wae sampean tunggu."

Nono : "Wah maturnuwun."

Saking pacelathon ing duwur, owahana pacelathon iku dadi gancaran/teks cerita!

